



# New Jersey Consortium for Immigrant Children

## Gid sou Estati Espesyal Imigran Minè (Guide to Special Immigrant Juvenile Status, SIJS) ak Azil pou Jèn moun k ap viv nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo

Se New Jersey Consortium for Immigrant Children (NJCIC) ki bay gid sa a, yon gwoup defansè k ap travay nan non timoun ak jèn imigran pou ede ak bezwen jiridik, edikatif ak sante. New Jersey State Bar Foundation ko-esponsorize gid sa a, epi li te posib atravè finansman nan men IOLTA Fund nan Tribinal New Jersey. Epi tou, gid sa a posib gras ak de (2) benevòl ki nan rezo Catchafire: Vera Tong ki jere jefò pou desen yo, ansanm ak Danielle Josyle ki jere jefò pou tradiksyon yo. Gid sa bay yon apèsi bazik sou mwayen ki komen pou yon jèn moun kapab goumen kont depòtasyon epi rete legalman nan peyi Etazini. **Se pou pran enfòmasyon sèlman, se pa konsèy jiridik yo ye, epi yo la pou ede w konprann si w kalifye pou estati jiridik imigrasyon. Yo pa la pou ranplase konsèy nan men yon avoka ki kalifye.**

# Kontni

## ENTWODIKSYON

### ESTATI ESPESYAL IMIGRAN MINÈ (Special Immigrant Juvenile Status, SIJS) NAN NEW JERSEY

KILÈS KI ELIJIB POU APLIKE POU SIJS ANSANM AK REZIDANS PÈMANAN (YON “KAT VÈT”)?

KISA SA VLE DI POU W SIBI ABI, POU YO ABANDONE W OSWA NEGLIJE W?

KIJAN MWEN KAPAB MONTRE SE PA NAN PI BON ENTERÈ M POU M TOUNEN NAN PEYI M TE FÈT LA? \_\_\_\_\_

KI ETAP POU APLIKE POU SIJS?

KESYON YO SOUVAN POZE

SIJS – EGZANP DOSYE

LIS VERIFIKASYON POU ELIJIBILITE POU ESTATI ESPESYAL IMIGRAN MINÈ (SIJS)

RAPÈL ENPÒTAN

## AZIL

KISA AZIL YE?

KILÈS KI ELIJIB POU AZIL?

KI KALITE MAL OSWA MENAS KI KAPAB KALIFYE?

AZIL – EGZANP KA

OPINYON POLITIK

RAS

RELIJYON

GWOUP SOSYAL PATIKILYE

KIJAN POU MWEN MONTRE SA K TE RIVE M NAN POUTÈT IDANTITE M, KWAYANS MWEN OSWA APATENANS NAN YON GWOUP SOSYAL?

KISA SA VLE GOUVÈNMAN AN PA T KAPAB OSWA PA T VLE PWOTEJE W?

KIJAN POU MWEN MONTRE MWEN PA KAPAB VIV AN SEKIRITE YON LÒT KOTE NAN PEYI M?

KI ETAP POU APLIKE POU AZIL ANTANKE YON TIMOUN KI PA GEN MOUN KI AKONPAYE L?

KESYON YO SOUVAN POZE

FÈY TRAVAY AZIL

RAPÈL ENPÒTAN

## LÒT RESOUS

## Entwodiksyon

Pwosesis imigrasyon konplike anpil. Men kèk bagay ou kapab fè pou fè l fasil pou genyen si w kalifye pou estati imigrasyon. Ou kapab aprann plis sou sa, w ap revize Gid NJCIC ekri sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn moun k ap viv nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo.

- 1 Fè tout sa ki posib pou ou pou jwenn yon avoka ki kalifye ki kapab ede w.** Li enpòtan pou w jwenn konsèy sou opsyon w yo epi sou ris ak avantaj pou aplike pou nenpòt tip estati imigrasyon. Veye kò w pou w pa pran nan fwòd.
- 2 Pa janm pèdi yon odyans nan imigrasyon oswa tribinal familyal.**
- 3 Pa al fè okenn bagay ki ka fè yo arete w oswa pou yo chaje w ak yon krim** - ayon kondanasyon pou kèk krim, tankou vann dwòg, kapab fè yo pa ba w kat vèt ou a Sonje: Imigrasyon suiv lalwa kriminèl federal, **epi mariwana pa legal nan sistèm federal la!**

Ou kapab aprann plis lè w gade [Gid Tribinal Imigrasyon nan New Jersey pou Jèn ak Fanmi yo](#).

## Estat Espesyal Imigran Minè (Special Immigrant Juvenile Status, SIJS) nan New Jersey

Si youn oswa tou de paran w yo te maltrete w, ou kapab elijib pou aplike pou Estat Espesyal Imigran Minè oswa SIJS nan lang anglè. Si yo ba ou SIJS, ou kapab aplike pou rezidans pèmanan oswa yon “kat vèt”, k ap pèmèt ou viv pèmanan nan peyi Etazini. Epi annaprè, ou kapab aplike pou vin yon sitwayen Etazini.

### Kilès ki elijib pou aplike pou SIJS ansanm ak rezidans pèmanan (yon “kat vèt”)?

TKondisyon pou kalifye SIJS diferan nan chak eta. **Gid sa a sèlman bay kondisyon bazik ak pwosesis pou jèn ki aktyèlman ap viv nan New Jersey.**

Pou kalifye pou SIJS nan New Jersey, ou dwe kapab montre:

- Ou pa ko gen 21 lane
- Yo te abize w, abandone w, neglije w oswa yon bagay ki sanble ak sa nan men youn oswa de paran ou yo epi ou pa kapab tounen al viv ak paran sa a/yo
- Se pa nan pi bon enterè pou tounen nan peyi kote w te fèt la
- Ou pa marye
- Aktyèlman, w ap viv nan New Jersey EPI ou w ap viv ak yon granmoun ki kalifye pou gen lagad ou
- Ou ranpli lòt kondisyon pou rezidans pèmanan (kat vèt), ki vle di pou jèn yo, ou pa viktim kondanasyon pou kèk deli kriminèl oswa krim ki sanble ak sa.

#### Konsèy

Gade egzanp ka ansanm ak yon lis kontwòl nan [paj 7-8](#).

## Kisa sa vle di pou w sibi abi, pou yo abandone w oswa neglije w?

Ou kapab kalifye pou SIJS si omwen youn nan paran w yo:

- Pa t an kontak avè w oswa pa kominike regilyèman avè w.
- Te fè w mal fizikman, seksyèlman oswa emosyonèlman.
- Pa t pwoteje w pou yon lòt moun pa t fè w mal.
- Te ba w ti kras sipò finansye oswa pa t ba w ditou.
- Pa t ba w sipò emosyonèl ou te bezwen an.
- Pa t voye w lekòl.
- Pa t ba w ase manje oswa trètman medikal ou te bezwen an.
- Te mouri.
- Te pèmèt ou, ankouraje w oswa fòse w travay pandan w te jèn anpil.
- Te trete w nan nenpòt fason ki te lakòz ou yon lapèn fizik oswa emosyonèl.

Sa yo se jis kèk nan fason yon timoun kapab kalifye pou SIJS. Lis ki anlè a pa konplè, men yo bay li pou ede w detèmine si w kapab kalifye oswa si w pa kapab kalifye. Kapab gen lòt rezon ki montre pou ki rezon yon timoun kapab kalifye pou SIJS. Jij la pral gade lalwa sou kesyon pran swen timoun nan New Jersey. Sa ki kapab komen oswa yo kapab aksepte nan kèk peyi, yo kapab konsidere yo kòm abi oswa neglijanans nan New Jersey, epi kapab konsidere kòm yon baz pou aplike pou SIJS. Yon avoka kapab ede w konprann sa.

Li nesèsè pou **YON GRENN** (1) paran te aji nan fason nou dekri nan gid sa a. Bagay sa yo gen dwa te pase nan peyi w, nan peyi Etazini oswa yon lòt kote.

## Kijan mwen kapab montre se pa nan pi bon enterè m pou m tounen nan peyi m te fèt la?

Si w ranpli lòt kondisyon pou SIJS ([paj 3](#)), ou dwe montre tou se nan pi bon enterè w pou rete Ozetazini. Sa vle di rete Ozetazini ap ede w pou w gen yon vi kontantman, sen epi an sekirite.





**Pa egzanp**, enpe nan rezon ki pa ta nan pi bon enterè w pou tounen kapab se:

- Ou t ap gen opòtinite pou ale lekòl oswa nan inivèsite Ozetazini men pa nan peyi w fèt la.
- Ou t ap an sekirite Ozetazini lwen vyolans, gang oswa lòt moun ki te fè w mal oswa te fè fanmi w mal.
- Ou t ap gen yon kote an sekirite pou viv epi yon moun pou ba w manje, rad ansanm ak lòt pwodui ou kapab bezwen nan Etazini.
- Pa gen lòt moun nan peyi w fèt la ki kapab pran swen w.
- Ou kapab resevwa trètman medikal oswa sante mantal oswa lòt sèvis nan peyi Etazini, bagay ou p ap kapab jwenn nan peyi w te fèt la.

## Ki etap pou aplike pou SIJS?

Pwosesis pou SIJS ak kat vèt la long epi li gen ladann divès aplikasyon pou tribinal famiyal ansanm ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini, yo konnen l tou tankou USCIS (U.S. Citizenship and Immigration Services – ajans ki deside sou ka SIJS yo).

Men etap yo:

-  1 Tribinal Famiyal (anvan w gen 21 lane!)
-  2 USCIS – Aplike pou estati SIJS (anvan w gen 21 lane!)
-  3 USCIS:  
Si yo ba w SIJS, aplike pou yon pèmi travay (epi pou ba w randevou pou fè yon lèt verifikasyon sou pase w)  
*(Tan atant pou yon visa, plizyè lane).*
-  4 USCIS:  
Si yo te ba w SIJS, aplike pou yon kat vèt (kat sitwayènte), k ap mande yon lèt verifikasyon sou pase w.  
*(Li kapab pran plizyè lane pou tann pou jwenn yon kat vèt).*

## Kesyon yo souvan poze

### A E si m gentan gen 18 lane?

Nan New Jersey, jèn ki gen ant 18 ak 21 lane kapab kalifye pou SIJS. Sa se pa yon bagay ki aplike nan tout eta yo. Sepandan, li kapab pi difisil pou genyen yon ka SIJS si w gen plis pase 18 lane. Ou pral bezwen montre ou depann de yon paran oswa yon lèt granmoun epi w bezwen anba lagad yon granmoun, menm si ou gen plis pase 18 lane. Ou dwe montre rezon ki montre pou ki rezon ou toujou bezwen sipò ak akonpayman granmoun sa a. Le fèt ou lekòl oswa ou nan pwosesis enskripsyon kapab ede w montre ou bezwen sipò ak akonpayman granmoun sa a. Menm si w pa lekòl, li toujou posib pou montre ou depann de granmoun sa a pou èd finansye, sipò emosyonèl oswa konsèy, epi w pa ko pare pou viv pou kont ou. Li enpòtan anpil pou w ap viv nan menm kay oswa apatman ak moun ou di ou anba lagad li a.

### B E si mwen gen yon timoun oswa mwen divòse, èske m ka toujou aplike pou SIJS?

Si w ranpli lèt kondisyon yo, ou kapab toujou kalifye pou SIJS menm si w gen pwòp pitit pa w, oswa si w te marye epi kounye a ou divòse. Ou pa kapab kalifye pou SIJS si w toujou marye.

### C E si yon bèlmè/bòpè te maltrete m?

Si yon bèlmè/bòpè te maltrete w, se pa yon baz pou SIJS. Sepandan, si sa te rive w, ou kapab vle pale sou sa k te pase a ak yon avoka ki konnen kijan SIJS fonksyone. Si pwòp paran w te enplike nan sa oswa pa t rive pwoteje w pou yo pa t maltrete w, ebyen ou kapab kalifye pou SIJS.

### D Si yo ban mwen SIJS epi annaprè mwen jwenn kat vèt mwen, èske mwen kapab aplike pou yon kat vèt pou paran m?

Non. Si yo te ba w kat vèt ou a kòm jèn imigran espesyal, ou p ap kapab ranpli demann pou paran w yo jwenn yon kat vèt. Sa vo menm pou yon paran ki pa t maltrete w.

## Kesyon yo souvan poze (suit)

### **E** E si yo te arete m oswa mwen gen yon kondanasyon kriminèl nan peyi Etazini? E si yo kondane m pou yon krim minè nan peyi Etazini?

Kòm pati pwosesis pou jwenn yon pèmi travay ak yon kat vèt, y ap pran anprent ou epi imigrasyon pral verifye pase w pou wè si yo te arete w deja. Pati sa a nan lalwa konplike anpil epi ou ta dwe pale ak yon **avoka ki kalifye** pou jwenn konsèy anvan w aplike pou SIJS si:

- Yo te arete w nan peyi Etazini
- Te komèt yon deli jivenil oswa te gen yon dosye delenkans jivenil
- Te resevwa yon kontravansyon oswa asiyasyon (sof yon kontravansyon pou pakin)
- Te gen nenpòt kontat ak fòs lòd nan peyi Etazini

Menm si w pa t gen okenn kondanasyon, si yo te arete w, ou dwe toujou pale ak yon avoka. **Nan sitiyasyon sa a, li enpòtan anpil anpil pou pale ak yon avoka ki konn lalwa imigrasyon EPI ki konn lalwa penal nan eta yo te arete w la oswa kote w te resevwa kondanasyon an oswa te gen dosye delenkans lan.**

### **F** Poukisa tribinal famiyal antre nan sa?

Pwosesis SIJS kòmmanse nan tribinal famiyal kote avoka ou a pral mande yon jij pou bay moun k ap pran swen w lan lagad ou. Avoka ou a pral mande jij la ba w yon lòd espesyal ki gen ladann enfòmasyon sou maltretans sa w te sibi anba men yon paran, pou voye bay USCIS (imigrasyon) ansanm ak aplikasyon pou SIJS.

### **G** Èske tribinal famiyal la se menm bagay ak tribinal imigrasyon an?

Tribinal famiyal separe nèt de tribinal imigrasyon epi sèlman jere dosye lagad ak lòt dosye ki gen pou wè ak fanmi. Yon jij tribinal famiyal se pa yon jij imigrasyon epi pa kapab pase lòd pou yo depòte w oswa fanmi w.

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

### **H** Èske gen yon dat limit pou aplike pou SIJS?

WI. Pou aplike pou SIJS, aplikasyon an dwe rive jwenn USCIS (imigrasyon) **ANVAN ou gen 21 lane.**

### **I** Konbyen tan pwosesis la ap pran?

Tout pwosesis pou jwenn SIJS ansanm ak yon kat vèt kapab pran pou pi piti plizye lane pou fini. Li difisil pou prevwa konbyen tan chak etap ap pran. **Men depi USCIS te resevwa aplikasyon w lan anvan w te gen 21 lane, w ap toujou kapab aplike pou yon kat vèt menm si w vin gen 21 lane pandan w ap tann pou yo apwouve SIJS la.**

### **J** Èske m ap kapab travay? Kisa “Aksyon Difere” (Deferred Action nan lang anglè)?

Si yo apwouve SIJS (Etap 2), sa ka rive ou kapab aplike pou yon pèmi travay pandan w ap tann pou aplike pou yon kat vèt. Pou aplike pou yon pèmi travay, ou dwe tann pou yo apwouve SIJS ou a epi resevwa yon lèt ki di yo te ba w “Aksyon Difere”. **Aksyon Difere (Deferred Action) vle di pou yon peryòd kat (4) lane ou kapab aplike pou pèmi travay epi yo pa kapab depòte w pandan w ap tann pou aplike pou kat vèt ou a.**

### **K** E si yo ban mwen SIJS, poukisa mwen pa kapab tou aplike pou kat vèt touswit aprè?

Si yo te apwouve SIJS ou, gen yon peryòd atant plizyè lane anvan ou kapab fè yon demann pou yon kat vèt. Sa a se paske gen yon valè moun yo dakò ki pou aplike pou kat vèt chak lane, sa yo rele yon “viza”, kidonk tout moun dwe tann jouk gen yon viza ki disponib pou yo menm.

### **L** Èske mwen kapab aplike Estati Espesyal Imigran Minè ansanm ak azil?

Ou kapab li gid sa a epi panse ou kapab aplike ni pou SIJS, ni pou azil. Li posib pou aplike pou tou lè de, men desizyon sou konn kisa pou w fè konplike. Gen anpil ris ak avantaj pou chak, epi si w konstwi yon dosye pou youn ladan yo, li kapab pi fò pase lòt la. L ap pi bon pou w diskite detay espesifik sou dosye w la ak yon avoka ki kalifye.

## SIJS – Egzanp Dosye

Sa ki anba yo se egzanp sou kèk dosye pou ede w gen yon lide sou ki kalite sitiyasyon ki kapab kalifye pou SIJS. **Sa yo se sèlman kèk egzanp, gen plizyè lòt. Epitou, ou kapab toujou kalifye pou SIJS menm si w pa wè ka pa w la anba a. Chak ka diferan.**

Pi bon bagay la se pou pale sou dosye w la ak yon avoka ki konnen pou mande si w kapab kalifye pou SIJS. **Epitou, li enpòtan pou sonje pa gen okenn garanti si y ap apwouve dosye w la.**

### Egzanp ka: Edgar

Edgar gen 18 lane epi l sòti nan ti vilaj nan peyi Ondiras. Edgar t ap viv ak tou de (2) paran li yo epi lè l te gen 11 lane epi l te kòmanse travay nan chan olye li te ale lekòl. Dèfwà, pa t gen ase manje pou manje. Epitou, Edgar te kòmanse gen pwoblèm ak gang yo ki t ap chèche fè l antre nan gang, epi li te vin Ozetazini. Kounye a, l ap viv ak tonton l New Jersey, k ap ede l epi li ale lekòl a tan plen. Li pa marye.

Èske Edgar ka kalifye pou SIJS?

Wi, sa posib. Edgar ka ranpli kondisyon yo paske paran l pa t kapab ba l edikasyon ni manje jan sa ta dwe fèt nan New Jersey. Poutèt Edgar gen 18 lane, dosye li a kapab pi difisil epi l ap bezwen montre l ap viv ak tonton l lan epi li depann de li pou sipò finansye, emosyonèl ansanm ak lòt sipò. Li kapab montre li pi bon pou li paske l Ozetazini paske l gen opòtinite pou etidye, sa li pa t ap janm ka fè Ondiras epi li an sekirite lwen gang yo.

Sonje, ka Edgar la se jis yon egzanp. Gen plizyè lòt fason ou kapab kalifye pou SIJS, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Mariana pa garanti w ap kalifye pou SIJS. Chak dosye diferan.

### ENPÒTAN!

Sonje, sa yo se sèlman de (2) egzanp. Gen PLIZYÈ lòt fason pou kalifye pou SIJS, epi menm yon ka ki egzakteman menmjan ak pa Mariana oswa pa Edgar la pa garanti w ap kalifye pou SIJS. Chak ka diferan.

### Egzanp ka: Mariana

Mariana gen 16 lane, li pa marye epi li sòti nan peyi Salvadò. Lè l te jèn anpil, papa l te kite fanmi an epi li te prèske pa t gen okenn kontak ak papa l depi lè a, menm si raman, li voye ti kòb pou manman an, ase pou bagay tankou achte sirèt pou li, epi dèfwà te konn rele l lè fèt li. Mariana te antre Etazini epi te reyini ak manman l, se avè l ap vin kounye a epi k ap sipòte l pou peye kay, manje, rad ak lòt bezwen. Li lekòl epi li pa gen okenn lòt fanmi rete nan Salvadò ki kapab pran swen l.

Èske Mariana kapab kalifye pou SIJS?

Wi, Mariana kapab kalifye pou kondisyon bazik pou SIJS paske li pa ko gen 21 lane, li pa marye epi li Ozetazini. Papa l te abandone l epi neglije l paske l pa t sipòte l finansyèman oswa emosyonèlman. Voye yon ti lajan ak rele kèk fwa pa ase pou reponn ak bezwen li genyen. Mariana ta kapab montre se nan pi bon enterè l pou l rete Ozetazini pase li tounen Salvadò paske li pa gen okenn fanmi laba ki kapab pran swen l, epi paske li an sekirite Ozetazini ap viv ak manman l epi l gen pi bon opòtinite pou l ale lekòl.

Sonje, ka pa Mariana se jis yon egzanp. Gen plizyè lòt fason ou kapab kalifye pou SIJS, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Mariana pa garanti w ap kalifye pou SIJS. Chak dosye diferan.

## Lis verifikasyon pou elijibilite pou Estati Espesyal Imigran Minè (SIJS):

- Lis verifikasyon ki anba a se pou ede w detèmine si w ranpli kondisyon debaz pou SIJS.
- Lis verifikasyon ki anba a se pou ede w detèmine si w ranpli kondisyon debaz pou SIJS.
- Se pa konsèy jiridik epi li rekòmande pou w kontakte yon avoka pou kapab jwenn konsèy espesifik sou ka pa w la. Gade [Guide to Immigration Court for Youth in New Jersey and Their Families \(Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo\)](#).

### Lis verifikasyon



Mwen pa ko gen 21 lane paske mwen te fèt nan dat mm / dd / yyyy epi kounye a mwen genyen \_\_\_\_\_ lane.



Nan moman an, m ap viv Etazini (eta of New Jersey) nan address \_\_\_\_\_



Mwen pa marye.



Youn (1) oswa tou de (2) paran mwen yo te abize m, abandone m oswa te neglyje m epi/oswa youn (1) nan paran mwen yo te mouri.

## RAPÈL ENPÒTAN

### Rapèl #1

Ka egzantp ki nan gid sa a se sèlman kèk nan fason yon jèn moun kapab kalifye pou SIJS. Ou kapab kalifye menm si youn nan egzantp sa yo pa aplike ak ou menm. **Eseye jwenn yon avoka ki kapab ba w konsèy sou sitiyasyon espesifik ou a.** [Gade Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo.](#)

### Rapèl #2

Pandan pwosesis la, asire w avoka ou a konnen ki pi bon mwayen pou antre an kontak avè w. **Si w demenaje oswa ou chanje nimewo telefòn, di avoka w la sa.** Asire w ou fè avoka w la konnen nenpòt chanjman ki ta genyen nan sitiyasyon w oswa nenpòt kontak ou te gen ak lapolis oswa lòt otorite.

### Rapèl #3

Si w demenaje nan nenpòt moman, se pou w chanje adrès ou tou devan USCIS ansanm ak tribinal imigrasyon an, si w nan pwosesis depòtasyon. Gade [Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo.](#)

Pwosesis pou aplike pou SIJS ak kat vèt la long men si w rive fè l, w ap kapab viv, travay epi etidye Ozetazini nèt. Nou espere gid sa a te ede w konprann plis sou si w kapab kalifye ansanm ak sa pou atann.

• FEN SEKSYON •



# Azil

Si yo te fè w mal nan peyi orijin ou (peyi kote w te fèt la), oswa ou pè pou si w tounen yo kapab fè w mal, ou kapab elijib pou aplike pou azil. Gen plizyè tip kondisyon pou kalifye pou azil Ozetazini. Gid sa a ba ou anpil enfòmasyon bazik sou kondisyon sa yo pou kapab ede w konprann si w kapab kalifye. Pi bon bagag ou kapab fè si w panse w kalifye, se fè tout sa w kapab pou jwenn yon avoka pou reprezante w. Gade [Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo](#).

## Kisa azil ye?

Azil bay pwoteksyon pou kèk moun ki pè pou tounen nan peyi yo te fèt la. Si yo ba w azil, ou kapab viv epi travay legalman Etazini. Aprè yon lane ou fin gen azil, ou kapab aplike pou vin yon rezidan pèmanan (“kat vèt”). Epiou, gouvènman an ba ou kèk avantaj tankou asistans finansye, asirans sante ak fòmasyon pou jwenn travay. Epi annaprè, ou kapab aplike tou pou vin sitwayen.

Si w te antre Etazini san paran w oswa gadyen w anvan w te gen 18 lane, epi yo te deziyen w kòm yon “timoun ki pa gen moun ki akonpaye l” (unaccompanied minor nan lang anglè), gen règ espesyal ki pèmèt ou jwenn plis pwoteksyon pandan pwosesis azil la.

### ENPÒTAN!

Gid sa a kouvri pwosesis ak kondisyon pou Timoun ki pa gen moun ki akonpaye yo (Unaccompanied Children, UCs). Si Biwo pou Reyentegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) te deziyen w tankou Timoun ki pa gen moun ki akonpaye yo, nou sijere w voye je sou resous Asylum Seeker Advocacy Project (ASAP) nan <https://help.asylumadvocacy.org/>.

## Kilès ki elijib pou azil?

Pou elijib pou azil, ou dwe kapab montre:

- 1 Ou pè tounen nan peyi w te fèt la paske yo te fè ou menm oswa fanmi w mal oswa paske ou pè pou yo pa fè w mal anpil.
- 2 Mal la fèt oswa kapab fèt pou yon bagay ou menm oswa fanmi w pa kapab chanje, oswa yo pa dwe fòse ou menm oswa fanmi w chanje, tankou:
  - Opinyon Politik
  - Ras
  - Relijyon
  - Nasyonalite
  - Apatenans nan yon “gwoup sosyal patikilye”  
Pa egzanp: sèks, fanmi, oryantasyon seksyèl, estati antanke yon timoun, rezistans pou pa antre nan gang
- 3 Gouvènman peyi w te fèt ka pa t kapab oswa pa t vle pwoteje w pou yo pa t fè w mal sa a.
- 4 Ou pa kapab viv an sekirite nan yon lòt pati nan peyi w fèt la.
- 5 Anvan w te vini Ozetazini, premyeman ou pa t viv nan yon lòt peyi ki ta ka ba w pwoteksyon pèmanan, tankou estati refijye. Gen kèk eksepsyon sou sa.
- 6 Ou pa gen kondanasyon pou kèk krim grav oswa pa t enplike nan zak pou fè lòt moun mal.

### Konsèy:

Gen egzanp ka ansanm ak yon fèk travay pi lwen nan gid sa a pou ede w aprann plis.

## Ki kalite mal oswa menas ki kapab kalifye?

Ou dwe kapab montre mal sa ou pè pou pa rive w nan peyi w te fèt la grav ase, e se pou sa menm ou bezwen pwoteksyon Ozetazini. Li pi fasil pou respekte règ sa a pou timoun pase pou granmoun. Si yo te fè swa ou menm oubyen fanmi w mal, ofisye azil la pral konsidere tout fwa sa te pase yo, kidonk menm si yon fwa pa t sanble mal pou ou, li kapab reprezante ase lè w anpile yo pou w kapab genyen azil. **Ou pa bezwen konnen ak sètitud y ap fè w mal, li ase pou montre gen yon 10 pou san chans yo kapab fè w mal si w tounen.**

Kèk egzant mal se kote yo atake w fizikman, abize w seksyèlman oswa yo te pèsekite w plizyè fwa oswa te menase w grav oswa lanmò.

Epitou, ou bezwen kapab montre mal la se poutèt yon bagay oswa kapab poutèt yon bagay nan **ou menm ou pa kapab oswa pa dwe chanje**. Li ase pou montre gen anpil vyolans nan peyi w fèt la anjeneral.

Anba a gen kèk egzant ki kapab ede w konprann ki tip mal ki kapab fè yon demann azil epi sou ki karakteristik yo baze. Sa yo se sèlman egzant epi gen plizyè lòt fason timoun kapab kalifye pou azil. **Si w pè tounen, li enpòtan pou jwenn konsèy nan men yon avoka ki kalifye pou konnen si w kalifye depann de sa ki te rive w la an espesifik.**

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

## Azil – Egzanp Ka:

### • Opinyon politik

Opinyon politik vle di kwayans ou ak panse w sou sa gouvènman an ta dwe fè oswa pa ta dwe fè, epi sou kijan yo ta dwe trete moun nan sosyete a. Dèfw, si yon manm fanmi pwòch ou te aktif nan domèn politik, epi yo fè w mal paske yo kwè si w pataje opinyon w antake yon manm fanmi pwòch li, ou kapab kalifye pou azil.

#### Egzant ka: Lucia

Manman Lucia kwè prezidan peyi li a p ap fè yon bon travay. Manman l te antre nan manifestasyon epi te poste sou paj Facebook li fè konnen l ap sipòte epi li aktif nan yon pati politik k ap eseye ranvèse gouvènman ki sou pouvwa a nan pwochen eleksyon an. Pandan yon manifestasyon, militè k ap sipòte prezidan ki sou pouvwa a yo te arete manman Lucia epi yo te mete l nan prizon. Tout fanmi Lucia te kòmanse resevwa menas nan men militè yo epi Lucia te pè yo kapab arete l tou paske ta sanble yo wè l tankou yon moun ki gen menm opinyon politik ak manman l.

#### Egzant ka: Fidela

Patnè Fidela te abize l epi li sòti nan yon peyi kote anpil fanm sibi abi anba patnè domestik yo epi lapolis ak tribinal pa ka fè anyen pou kontwòle sa. Fidela gen yon opinyon politik sou fanm ak tifi, yo ta dwe trete yo egal ego epi yo pa ta dwe abize de yo paske yo se fanm epi yo pa dwe wè tankou moun ki gen mwens pouvwa pase gason nan sosyete a. Fidela eseye rapòte abi a bay lapolis, men lapolis pa t fè ka de li epi yo pa t pran deklarasyon an.

Sonje, ka Lucia ak pa Fidela a se jis de (2) egzant. Gen lòt fason ou kapab kalifye pou azil, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Lucia oswa Fidela a pa garanti w ap kalifye pou azil. Chak dosye diferan.

## Egzanp Dosye (suit)

### • Ras

Ras vle di pratik pou mete ansanm moun paske yo gen karakteristik fizik ki sanble oswa lòt karakteristik.

#### Egzanp ka: Miriam

Miriam ap viv nan peyi Ondiras epi li sòti nan gwoup etnik Garifuna, yon gwoup endijèn afriken ki gen po nwa epi gen pwòp lang pa yo. Yo wè pèp Garifuna a tankou moun ba epi yo trete vrèman mal epi yo diskrimine yo nan peyi Ondiras. Yo te konn annuiye l lè l te lekòl epi kanmarad lekòl li yo ki pa t nan pèp Garifuna a te konn bat li plizyè fwa epi yo te konn di l jouman rasyal. Yo te konn trete lòt timoun ki sòti nan pèp Garifuna a ki nan kominote li a menm jan an. Miriam te pè rapòte bagay sa yo bay lapolis zòn nan paske l konnen lapolis pa t ap ede l epi sa t ap fè sitiyasyon an vin pi mal.

Sonje, ka Miriam nan se jis yon egzanp. Gen plizyè lòt fason ou kapab kalifye pou azil, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Miriam nan pa garanti w ap kalifye pou azil. Chak dosye diferan.

### • Relijyon

Si w pratike yon relijyon oswa mache nan yon legliz, epi yo fè w mal poutèt kwayans ou, sa kapab yon baz pou azil.

#### Egzanp ka: Reinaldo

Reinaldo se katolik epi li se yon manm aktif nan legliz li a, li preche tankou yon pastè layik epi li enplike nan ede pòv yo. Nan peyi kote l fèt la, tout moun konnen gouvènman ki fèk vini an kanpe anfas relijyon epi li te kòmanse sible legliz la ak menas ansanm ak vyolans paske enflyans legliz la ap grandi. Yo te menase Reinaldo pandan li t ap mennen kanpay sansibilizasyon epi yo te sible legliz li a ak vyolans.

Sonje, ka Reinaldo a se jis yon (1) egzanp. Gen plizyè lòt fason ou kapab kalifye pou azil, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Reinaldo a pa garanti w ap kalifye pou azil. Chak dosye diferan.

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

### • Gwoup Sosyal Patikilye

Yon gwoup sosyal patikilye se yon gwoup yo rekonèt nan kominote w ap viv la. Gen yon pakèt kalite gwoup ki gen dwa kalifye. Apatenans ou nan yon gwoup sosyal patikilye kapab gen rapò ak opinyon politik ou.

#### a. Oryantasyon seksyèl

#### Egzanp ka: Hugo

Hugo idantifye tèt li antanke omoseksyèl epi li te renmen ak yon lòt gason nan vil la. Yo te konn ap annuiye l epi te konn di l jouman kont omoseksyèl, yo te konn menase l epi kanmarad lekòl li yo te konn bat li paske li se omoseksyèl. Li pa t vle al denonse sa bay lapolis paske yo pa pwoteje moun ki omoseksyèl epi yo menm tou yo di moun ki omoseksyèl yo jouman tou.

#### b. An relasyon ak gang

#### Egzanp ka: Jose

Jose te kite yon gang ki pisan anpil, epi manm yo te menase l pou fè l gwo mal oswa menm touye l. Sè Jose ansanm ak lòt manm fanmi li te resevwa menas tou paske yo gen relasyon ak Jose. Gouvènman an pa gen pouvwa epi yo pa vle fè anyen paske se gang k ap kontwole yo. Jose se manm yon gwoup ki gen ansyen manm gang ladann.

#### c. Timoun yo trete tankou byen (rèstavèk)

#### Egzanp ka: Dolores

Dolores gen 9 lane epi li sòti nan yon vilaj agrikòl. Paran l te abize de li epi te fè l fè travay domestik epi travay pandan long peryòd nan chan olye li ale lekòl. Gouvènman ki nan vilaj li a pa fè anyen pou sa paske yo kwè paran yo kapab trete pitit yo nenpòt jan yo vle paske se tankou se byen yo ye.

Sonje, ka Hugo, Jose ak Dolores se jis twa (3) egzanp. Gen plizyè lòt fason ou kapab kalifye pou azil, epi menm yon dosye ki egzakteman menm jan ak pa Hugo, Jose ak Dolores pa garanti w ap kalifye pou azil. Chak dosye diferan.

## Kijan pou mwen montre sa k te rive m nan poutèt idantite m, kwayans mwen oswa apatenans nan yon gwoup sosyal?

Sa se yon pati enpòtan anpil pou pwouve ou kalifye pou azil. Ou dwe montre mal la te fèt oswa ou pè pou mal la pa fèt poutèt yon bagay ki nan ou ou pa kapab chanje. Sa ka pa sèl grenn rezon, men dwe se youn nan rezon prensipal yo.

Li kapab difisil anpil pou panse oswa pale sou bagay mal ki te rive w nan peyi w fèt la, **men pi bon fason pou konnen si w kapab kalifye pou azil se eseye sonje epi ekri bagay ki te rive w epi ansanm ak rezon ki fè w pè.**

Pou fè sa, w ap eseye reponn kesyon tankou:

- Kilès ki te fè w mal oswa te fè w pè?
  - Èske se moun ou konnen?
  - Yon manm fanmi?
  - Yon moun nan gouvènman an oswa lapolis?
  - Yon gang?
  - Kisa yo te mete oswa te genyen sou yo ki kapab ede pwouve kilès yo te ye?
- Kisa yo te di oswa te fè? Kilè? Kibò?
- Kilè ki te premye fwa a? Pi move fwa a? Dènye fwa a?
- Poukisa yo te fè w sa ou menm?

## Kisa sa vle gouvènman an pa t kapab oswa pa t vle pwoteje w?

**Pou genyen azil, ou dwe kapab montre gouvènman peyi kote w fèt la pa t kapab pwoteje w, oswa pa t vle pwoteje w, pou w pa t sibi mal ou te pè a.**

Sa kapab paske gouvènman an responsab mal la, tankou nan ka pa [Lucia](#) (paj 10) a anlè a kote gouvènman an te arete aktivis politik yo. Gouvènman an gen ladann lapolis, militè yo oswa lame a oswa otorite ki sanble ak sa.

Sa kapab paske gouvènman an pa t kapab pwoteje kèk gwoup pou yo pa sibi mal. Pa egzanp, nan ka anlè yo, gouvènman an pa t kapab pwoteje:

- fanm ki te sibi abi anba men patnè domestik yo, tankou nan ka [Fidela](#) (paj 10)
- moun ki idantifye tèt yo tankou LGBTQIA+, tankou [Hugo](#) (paj 11)
- timoun yo abize oswa yo te fè yo fè travay (rèstavèk), tankou [Dolores](#) (paj 11)

Si w te denonse mal la bay lapolis, men yo pa t sispann fè w mal, sa kapab prèv pou montre gouvènman an pa t kapab pwoteje w.

Si w pa t al denonse sa bay lapolis, ou kapab bay rezon ki fè w te panse si w te denonse sa bay lapolis, sa pa t ap ede. Sa kapab paske lapolis lwen anpil epi yo pa t ap kapab ede w.

Ou kapab panse ak kesyon tankou:

- Èske se gouvènman an oswa lapolis ki te responsab poutèt mal w ap sibi a?
- Si se pa t gouvènman an oswa lapolis, èske ou menm oswa yon granmoun te denonse mal la bay lapolis? Èske w gen deklarasyon lapolis?
- Si w pa t denonse l, pouki w pa t fè sa? Ki rezon ki fè w te panse gouvènman an oswa lapolis pa t ap kapab pwoteje w?
- Èske gen lòt egzanp ki montre gouvènman an pa t kapab pwoteje moun tankou w?

## Kijan pou mwen montre mwen pa kapab viv an sekirite yon lōt kote nan peyi m?

**Epitou, pou ou genyen azil, ou dwe bay rezon ki montre ou pa t kapab demenaje ale nan yon lōt pati nan peyi w epi pou w an sekirite laba.** Si se gouvènman, lapolis oswa militè yo ki responsab pou mal la, kidonk se yon fè posib ki montre ou pa ka al viv yon lōt kote an sekirite. Lōt rezon kapab se paske w ap viv nan yon ti peyi epi ou pa kapab demenaje ale lwen danje. Sa kapab paske ou pa gen okenn fanmi oswa lōt moun ki kapab pran swen w pandan w kite vil natal ou.

Ou kapab prepare pou reponn kesyon tankou:

- Ēske gen lōt kote nan peyi m kote m ap an sekirite?
- Kilès k ap pran swen m nan yon lōt kote nan peyi mwen fèt la?
- Kibō mwen pral viv epi kilès k ap sipōte m?
- Ēske m ap avèk fanmi pwōch mwen yo oswa zanmi m?
- Ēske m ap kapab ale lekōl oswa resevwa swen medikal?

## Ki etap pou aplike pou azil antanke yon Timoun ki pa gen moun ki akonpaye l?

Men etap yo:



# Kesyon yo Souvan Poze

## **A** Ki kalite prèv mwen bezwen pou pwouve ka azil mwen an?

Y ap mande w rakonte istwa w nan yon deklarasyon alekri, yo rele sa yon “**affidavit**” epi nan yon entèvyou devan yon ofisye azil. Iswta w ka ase pou pwouve azil. Li enpòtan pou w di laverite daprè sa w konnen pandan tout pwosesis la. Li kapab difisil pou sonje vrè dat ak lè bagay yo te pase, espesyalman nan ka timoun yo epi aprè ou fin viv twomatis oswa yo te fin fè w mal. Sa se yon bagay nòmal, kidonk fè tout posib ou. **Li pi bon si w onèt si w pa ka sonje yon bagay.**

Epitou, li ede pou w gen lèt prèv ki pwouve istwa w la, si yo disponib. Si ta gen prèv yo te espere w t ap genyen, men ou pa genyen, ou kapab eksplike poukisa ou pa kapab genyen yo. Prèv yo kapab bagay tankou:

- Dosye medikal, si w te kapab ale lopital oswa kay doktè
- Foto yon blesi
- Deklarasyon lapolis
- Mesaj tèks
- Piblikasyon sou medya sosyal
- Yon deklarasyon alekri nan men yon moun ki konnen sa k te pase a
- Atik jounal oswa rapò ki dekri sa k pase yo ansanm ak lavi w nan peyi w te fèt la ki kapab pwouve istwa w la.

## **B** E si yo te arete m oswa mwen gen yon kondanasyon nan peyi Etazini? E si mwen gen yon kondanasyon jivenil nan peyi Etazini?

**ENPÒTAN!** Aprè w fin voye aplikasyon azil ou a ale, imigrasyon pral pran anprent ou epi fè yon verifikasyon sou pase w pou wè si w te gen arestasyon. Domèn sa a nan lalwa konplike anpil epi w dwe pale ak yon avoka ki kalifye pou mande konsèy anvan w aplike pou azil, si:

- Yo te arete w nan peyi Etazini
- Te komèt yon deli jivenil oswa te gen yon dosye delenkans jivenil
- Te resevwa yon kontravansyon oswa asiyasyon (sof yon kontravansyon pou pakin)
- Te gen nenpòt kontak ak fòs lòd Etazini

Menm si yo pa t kondane w, depi yo te arete w, ou dwe toujou dwe pale ak yon avoka.

Li enpòtan anpil pou **pale ak yon avoka ki gen konesans sou lalwa imigrasyon EPI ki gen konesans sou lalwa penal nan eta kote yo te arete w la oswa gen dosye delenkans lan ye a.**

## **C** Èske gen yon dat limit pou aplike pou azil?

Pou pi fò moun, gen yon règ ki di ou dwe ranpli aplikasyon azil la anvan moun nan gentan gen yon (1) lane nan Etazini. Règ sa a pa aplike ak Timoun ki pa gen granmoun ki akonpaye yo (Unaccompanied Children, UC). Ki vle di UC yo gen yon ti kras tan anplis pou voye aplikasyon yo a, men li toujou yon bon lide pou ranpli yon aplikasyon yon fwa ou kapab aprè w fin wè ak yon avoka.

## Kesyon yo Souvan Poze (suit)

### **D** Konbyen tan pwosesis la pran?

Pwosesis pou aplike pou azil kapab pran plizyè lane pou fini. Nan moman an, gen yon long peryòd atant pou entèvyou pou azil. Li posib pou yo rele w nan kèk semèn pou yon entèvyou, men pifò moun tann jiska plizyè mwa oswa lane pou yo jwenn entèvyou pa yo a.

### **E** Èske mwen ka gen yon pèmi travay?

Aprè aplikasyon azil ou annatant pandan 150 jou, ou kapab aplike pou yon pèmi travay.

### **F** Kisa k ap pase nan entèvyou a?

Yon ofisye azil ap mande w pou w pale sou sa k te rive w epi poukisa ou pè. Ofisye a ap poze w kesyon, men yon entèvyou diferan de yon odyans nan tribinal imigrasyon paske pa gen okenn avoka gouvènman la pou diskite pou fè konnen poukisa yo pa dwe ba w azil. Yo p ap ba w yon desizyon la pou la. Y ap voye desizyon an pa kourye ba ou, an jeneral, nan kèk semèn oswa mwa. Ou gen dwa pou mennen avoka w la avè w nan entèvyou a.

### **G** Èske mwen kapab gen yon kat vèt yon fwa mwen resevwa azil?

Aprè yon lane ap viv Ozetazini antanke moun ki te resevwa azil, w ap elijib pou aplike pou rezidans pèmanan oswa yon “kat vèt”. Ou dwe pale ak yon avoka sou kondisyon pou aplike pou yon kat vèt.

### **H** Èske mwen ka aplike pou Eitati Espesyal Minè Imigran ansanm ak Azil?

Ou kapab li gid sa a epi panse ou kapab elijib pou aplike pou ni SIJS ni pou azil. Li posib pou aplike pou toulède, men desizyon sou kisa pou w fè se yon bagay ki konplike. Gen divès ris ak avantaj pou chak, epi ka pa w pou youn kapab pi fò paske si w aplike pou lèt la. L ap pi bon pou ou pale sou evènman espesifik dosye w la ak yon avoka ki kalifye.

## Fèy travay Azil

Si w panse ou kapab kalifye pou azil, l ap pi bon pou w kōmanse ranmase prèv epi ekri repons kesyon nou poze anwo yo kounye a la a menm. Ou kapab itilize fèy travay sa a pou ede w rakonte istwa w la.

- Moun ki te fè m mal nan peyi m fèt la se te:
- Mwen pè pou alavni mwen pa soufri anba men:
- Enpe nan pi move bagay yo te fè m gen ladann:
- Enpe nan pi move bagay mwen pè ki ka rive m alavni gen ladann:
- Mwen panse yo te fè m mal, oswa kapab fè m mal paske:
- Mwen konnen lapolis oswa lòt otorite yo pa kapab pwoteje m paske:
- Mwen p ap an sekirite nan yon lòt pati nan peyi m paske:
- Prèv mwen genyen ki kapab pwouve dosye m nan gen ladann:



# RAPÈL ENPÒTAN

## Rapèl #1

Egzanp ka ki nan gid sa a se sèlman kèk nan fason yon jèn moun kapab kalifye pou azil. Ou kapab kalifye menm si youn nan egzanp yo pa aplike ak ou menm. Eseye jwenn yon avoka ki kapab ba w konsèy sou sitiyasyon patikilye pa w la. Gade [Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo](#).

## Rapèl #2

Pandan pwosesis la, asire w avoka w la konnen pi bon fason pou l antre an kontak ak ou. **Si w demenaje oswa ou chanje nimewo telefòn ou, di avoka w la sa.** Asire w ou toujou fè avoka w la konnen nenpòt chanjman nan sitiyasyon w oswa nenpòt kontak ak lapolis oswa lòt otorite.

## Rapèl #3

Epitou, si w demenaje nenpòt moman, ou dwe chanje adrès ou devan USCIS ak devan tribinal imigrasyon, si w nan pwosesis depòtasyon. Gade [Gid sou Tribinal Imigrasyon pou Jèn nan New Jersey ansanm ak Fanmi yo](#).

Pwosesis pou aplike pou azil ak kat vèt ou a long men si w pase l ak siksè, w ap kapab viv, travay epi etidye Ozetazini nèt. Nou espere gid sa a ap ede w konprann plis sou si w kapab kalifye epi ak kisa pou w atann ou.

• FEN SEKSYON •

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

# Lòt Resous

Pa bliye – ou pa pou kont ou nan vwayaj sa a!

Yo toujou ap aktyalize sitwèb NJCIC ak evènman k ap vini tankou atelye k ap kouvri yon varyete sijè imigrasyon. Ou kapab jwenn yo [L.A.A.](#)

Epitou, ou kapab itilize paj [Resous](#) NJCIC pou jwenn bon jan enfòmasyon sou resous pou gadri pou timoun, lisans machin, dwa travayè, sante mantal, lwazi an fanmi epi plis ankò!

**Klike la pou gade [GID NJCIC SOU TRIBINAL IMIGRASYON POU JÈN ANSANM AK FANMI YO](#).**